
Gid Pratik Pou Kont StudentAid.gov (ID FSA)

Kreyasyon yon ID FSA se premye etap pou ranpli FAFSA a.

Kisa yon ID FSA ye?

ID FSA (Èd Federal pou Elèv) a se yon **non itilizatè** ak yon **modpas** ki nesesè pou konekte epi aksede a tout sit entènèt Èd Federal pou Elèv yo, tankou **FAFSA** a. Li sèvi tou kòm **siyati legal** ou lè w ap soumèt FAFSA ou a.



Ale sou studentaid.gov epi klike sou “create account” nan kwen anwo adwat la. Aplikasyon an disponib an Anglè ak an Panyòl.

Ki moun ki ta dwe kreye yon ID FSA?

Ou menm ak youn oswa toulede paran w yo dwe kreye yon **ID FSA anvan** ou ranpli FAFSA a. Si w se yon etidyan endepandan, ou p ap bezwen fè paran w oswa gadyen legal ou kreye yon ID FSA.
Si w gen yon frè oswa yon sè ki te ale nan kolèj anvan w, paran ou ka deja gen yon ID FSA.

Si ou se yon etidyan ki pa gen nimewo sekirite sosyal, ou p ap kapab kreye yon ID FSA oswa ranpli FAFSA a. Konsilte konseye uAspire ou a oswa voye yon imèl bay studentsupport@uaspire.org pou aprann plis sou opòtinite èd finansye ki ka disponib pou ou.


Tout moun k ap bay enfòmasyon nan yon FAFSA bezwen yon ID FSA – sa enkli paran ki pa gen yon nimewo sekirite sosyal.


Ki enfòmasyon mwen bezwen pou mwen kreye yon ID FSA?

- Non konplè ak nimewo sekirite sosyal, jan yo parèt sou kat sekirite sosyal la (si sa aplikab)
- Dat nesans
- Adrès imel ak nimewo telefòn ki valid
- Aksè imedya nan kont imel ou
- Adrès rezidans ou

Anrejistre non itilizatè/ modpas ID FSA ou a yon kote ki an sekirite.

Pwosesis aplikasyon an







- Ajoute non, dat nesans, ak nimewo sekirite sosyal ou egzakteman jan yo parèt sou dokiman ofisyèl yo.
- Koche kaz la si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal epi konsilte paj annapre a pou plis enfòmasyon
- Kreye yon modpas ou pa itilize pou lòt kont yo
- Bay nimewo telefòn mobil ou pou ka gen plis fason pou akseede a kont ou an.

Kijan pou m fè kesyon sekrè yo?

W ap dwe chwazi kat kesyon sekrè nan yon lis deroulan epi bay repons yo. Si ou bliye non itilizatè w oswa modpas ou, ou ka bezwen reponn kesyon sekrè yo pou aksede a kont ou.

- Chwazi kijan ou ta renmen Depatman Edikasyon an (moun ki jere FAFSA a) kominike avèk ou, epi nan ki lang (Angle oswa Panyòl)
- Nou rekòmande imèl pou jwenn kominikasyon rapidman
- Konfigire verifikasyon an de etap la pou ID FSA ou a avèk nimewo telefòn ou, imèl ou, ak/oswa aplikasyon otantifikasyon ou.
- Nou rekòmande pou ou konfigire tout metòd yo pou ou ka gen plizyè opsyon koneksyon.





Etap siplemantè pou kontribitè ki pa gen nimewo sekirite sosyal (SSN)

Sonje ou ta dwe sèlman kreye yon ID FSA san yon nimewo sekirite sosyal si ou se swa:

- Yon paran oswa mari oubyen madanm yon elèv ki ranpli FAFSA a
- Yon sitwayen nan Eta Lib Asosye yo (Repiblik Zile Marshall yo, Eta Federe Mikwonezi yo, ak Repiblik Palau) epi ou bezwen ranpli FAFSA a


REMAK: Pou FAFSA 26-27 la, kontribitè ki pa gen nimewo sekirite sosyal yo kapab aksede a FAFSA a imedyatman epi soumèt li apre yo fin kreye yon ID FSA. Yo pa bezwen valide idantite manyèlman pou FAFSA 26-27 la.

Kisa validasyon idantite ye?


Si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal (SSN), ou ka bezwen konfime idantite w; yon fason sa ka rive se atravè yon seri kesyon yo poze nan fen pwosesis kreyasyon kont lan. Si ou wè kesyon sa yo, enfòmasyon pèsonèl ki ladan yo soti nan Biwo Kredi TransUnion an, men sa a se pa yon verifikasyon kredi.

Kit ou wè kesyon sa yo ou pa, w ap kapab kreye kont studentaid.gov ou an epi kontinye ranpli FAFSA a touswit.

Kijan mwen ka konnen rezilta validasyon idantite a\?



- Ekran sa a ap parèt si idantite w te valide avèk siksè. Ou pa bezwen fè okenn lòt etap anvan ou kòmanse FAFSA a.




- Ekran sa a ap parèt si idantite w pa t kapab valide.
- Ou ka toujou kontribye nan yon FAFSA

Èske enfòmasyon pèsonèl mwen bay yo pwoteje?

Lwa sou Edikasyon Siperyè a entèdi itilizasyon done pou lòt rezon apa detèminasyon epi atribisyon asistans finansyè federal. Malgre ke lalwa federal pwoteje done FAFSA yo kounye a, nou pa konnen ki lwa Kongrè a ka chanje oswa ki mezi egzekitif yo ka pran alavni.

Gade plis isit la: www.higheredimmigrationportal.org/effective_practice/data-protections-for-fafsa-information

Itilizasyon ak depanaj kont ou a



- Aktive kòd bakòp sekirite a, ki pral ede w aksede a kont ou si lòt metòd verifikasyon yo pa mache.
- Pran nòt kòd bakòp ou a epi sere l yon kote ki an sekirite.

Lè w ap kreye yon ID FSA, enfòmasyon w yo dwe verifye epi yo dwe koresponn ak Administrasyon Sekirite Sosyal la (si w te bay yon ID sosyal).

Kilè mwen ka itilize ID FSA mwen an?

Si ou te bay yon nimewo sekirite sosyal (SSN) lè w t ap enskri pou ID FSA ou a epi verifikasyon enstantane a te reyisi, ou ka itilize ID FSA ou a touswit pou konplete FAFSA a. Si verifikasyon enstantane a pa reyisi, w ap bezwen korije enfòmasyon yo pou ID FSA ou a epi fè yon verifikasyon anvan ou kòmanse oswa ranpli fòm FAFSA a.

Ou ka itilize ID FSA ou imedyatman pou ranpli FAFSA a si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal (SSN),.

Èske mwen ka modifye ID FSA mwen an?

Wi. Si enfòmasyon pèsonèl ou yo chanje oswa ou ta renmen mete ajou yon bagay sou kont ou a, ou ka fè chanjman lè w konekte sou studentaid.gov epi chwazi “ settings” anba enfòmasyon kont ou a.

E si mwen bliye non itilizatè oswa modpas ID FSA mwen an?

Ou ka fè yo voye yon kòd sekirite nan telefòn ou/imèl ou pou rekipere non itilizatè ou a oswa retabli modpas ou a. Ou ka reponn kesyon sekrè w yo tou, men opsyon sa a vini ak yon peryòd datant 30 minit anvan ou ka itilize kont ou a ankò.

Kisa pou m fè si m bezwen èd?

Konsilte konseye uAspire ou a, voye yon imèl bay studentsupport@uaspire.org, oswa rele Sant Èd ID FSA a nan 1 (800) 433-3243.